



# Lwa sou Swen Abòdab E Ou Menm

## Yon Gid Kondisyon Nan Asirans Sante

Li ka obligatwa pou ou menm ak fanmi w gen asirans sante oubyen pou n peye penalite pou sa. Egzijans sa a, nou souvan rele li "manda endividyle la." Gid sa a pral bay pou ou enfòmasyon sa ki enpòtan yo konsènan kisa lalwa egzije pou ou menm ak fanmi w.

### Kisa lalwa egzije konsènan asirans sante?

Nenpòt moun ki "prezan legalman" Ozetazini gen obligasyon pou l gen asirans sante ki kouvri sèvis medikal debaz yo (sa gen ladan l vizit medikal regilye, swen an ijans, medikaman doktè preskri yo epi jesyon maladi kwonik). Moun ki pa ka pwouve yo gen asirans sante kapab gen pou yo peye yon penalite nan taks. Nan ane 2015 la, penalite pou moun ki pa gen asirans sante an se \$325/chak moun (\$162.50/chak timoun) oubyen 2% nan revni moun ki nan kay ou, kèleswa sa ki piplis ladan.

### Ki moun ki prezan legalman?

Ou prezan legalman si w se:



- Yon sitwayen ameriken
- Yon rezidan pèmanan legal (ou gen "green card")
- Yon refijye oubyen ou gen azil
- Yon sivivan trafik (avèk yon viza T)
- Yon sivivan vyolans domestik (avèk yon viza U)
- Yon moun ki gen yon viza non-imigran (avèk yon viza H-2A oubyen H-2B)
- Yon benefisyè Stati Pwoteksyon Tanporè (TPS)

**Lè w ranpli fòmilè federal pou taks sou revni w, yo mande w pou w bay prèv w gen asirans sante oubyen ke w kalifye pou yon egzanpsyón pou w pa peye penalite a.**

### Èske gen egzanpsyón pou moun pa peye penalite a?

Si w pa gen asirans sante, ou gendwa pa gen pou w peye yon penalite si:

- Ou se manm yon tribi endyen
- Ou pa oblige ranpli yon fòmilè pou taks paske salè anba limit pou w deklare l nan taks
- W ap konfwonte difikilte ki pa pèmèt ou genyen asirans sante, tankou si w se yon viktим dezas natirèl
- Ou pa prezan legalman Ozetazini



- Asirans sante a pa abòdab (Peman yo pral koute plis pase 8% kòb k ap antre nan kay la)
- Ou nan prizon
- Ou fè mwens ke twa (3) mwa suivi san w pa genyen asirans sante

## Kijan pou m aplike pou yon egzanpsyon?

Depandan de ki egzanpsyon, ou kapab aplike pou li nan mache kote yo vann asirans nan eta w la, oubyen ou pral reklame li lè w ap ranpli fòmilè taks federal sou revni w lan nan ane 2016 la.

## Ki lòt fason mwen ka jwenn swen sante?

Ou pa oblige gen asirans sante pou w resevwa swen medikal debaz yo nan sant sante kominotè yo ak sant sante pou imigran yo. Tout sant sante yo gen yon "echèl diminisyon frè" kote kòb w peye a depann de konbyen kòb w touche ak konbyen moun ki nan fanmi w. Pou w kapab kalifye pou echèl diminisyon frè sa a, w ap bezwen bay enfòmasyon sou konbyen kòb w ap touche ak kantite moun ki nan fanmi w pou detèmine konbyen w ap gen pou peye pou sèvis y ap ba ou yo.



Rele **800-318-2596** pou w pale ak yon moun ki kapab reponn kesyon w yo, oubyen ede w enskri. Toujou gen èd disponib an kreyòl ayisyen.

### Ou kapab jwenn èd tou nan:

**Avètisman HRSA a:** Se donasyon nimewo U30CS22741 ki sòti nan Biwo Resous Sante ak Administrasyon Sèvis pou Swen Sante Primè ki sipòte publikasyon sa a. Se sèl Farmworker Justice ki responsab sa k nan publikasyon sa a e li pa nesesèman reflete pwendvi ofisyèl "Bureau of Primary Health Care" an oubyen "Health Resources and Services Administration" a.

